

Jere Ka COVID-19 yo nan Kolèj ak Inivèsite Vil New York yo: Sa Enstitisyon Edikasyon Siperyè yo dwe konnen

Kolèj ak inivèsite yo kapab prevni pwopagasyon COVID-19 pami etidyan yo, pwofesè ak pèsònèl la. Nou kapab jwenn rekòmandasyon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) a nan [Direktiv pou Enstitisyon Edikasyon Siperyè \(Institutions of Higher Education, IHE\)](#).

Tout moun ki genyen laj 12 ane elijib pou vaksinasyon kont COVID-19. Vaksen yo se pi bon pwoteksyon nou genyen kont COVID-19. Kolèj ak Inivèsite yo kapab jwe yon wòl enpòtan nan ankouraje vaksinasyon ak nan ogmante adopsyon vaksen an nan mitan etidyan, pwofesè ak pèsònèl la. Pou jwenn plis enfòmasyon sou vaksen COVID-19 yo, ale sou nyc.gov/covidvaccine. Pou ou jwenn yon sit vaksinasyon, vizite vaccinefinder.nyc.gov oswa rele 877-829-4692. Anpil sit yo, gen ladan sit Vil la ap jere yo, pa egzijè yon randevou ankò.

Pou enfòmasyon, direktiv ak resous sou COVID-19, vizite nyc.gov/health/coronavirus.

Yo dwe raple tout administratè, pèsònèl, etidyan ak vizitè yo pou yo kontinye swiv mezi prevansyon enpòtan yo:

- **Rete lakay ou si ou malad oswa ou te ekspoze resaman ak COVID-19:** Sòti sèlman pou yon tès COVID-19, swen medikal esansyèl oswa pou lòt komisyon esansyèl yo.
- **Kenbe distans fizik:** Si ou pa vaksinen, rete omwen 6 pye distans de lòt moun.
- **Kenbe men ou pwòp:** Lave men ou souvan avèk savon ak dlo. Sèvi ak yon dezenfektan pou men a baz alkòl si pa gen savon ak dlo disponib.
- **Pote yon mask ki byen adapte:** Lè ou pote yon mask pou figi, ou pwoteje moun ki ozalantou ou sizoka ou enfekte men ou pa konnen sa. Yon mask kapab ede pwoteje tèt ou tou kont enfeksyon. Pou plis enfòmasyon, konsilte [Mask Pwoteksyon:Lesansyèl](#).

Kesyon Moun Poze Souvan yo

Èske kolèj oswa inivèsite mwen an oblije egzekite tès inisyal oswa tès woutin pou COVID-19 pou etidyan oswa pèsònèl la?

Eta New York (NYS) pa oblije tès inisyal (avan rantre a) oswa tès woutin nan men etidyan ak pèsònèl la. Pou plis enfòmasyon sou tès pou COVID-19, konsilte [Tès pou COVID-19: Kesyon Moun Poze Souvan yo](#). Pou ou jwenn yon sit tès Vil New York (NYC) yo, vizite nyc.gov/covidtest. Anpil sit ofri tès san peye.

Èske Key to NYC aplike pou kolèj ak inivèsite yo?

Wi, egzijans [Key to NYC](#) a aplike pou sant jimnastik yo ak sant kondisyonman fizik ki nan enstitisyon edikasyon siperyè yo, ansanm ak etablimsman manje ki nan kolèj ak inivèsite yo. Resous sou egzekisyon ekitab Key To NYC yo disponib sou entènèt. Li "[Guidance for Businesses on Equitable Implementation of Key to NYC](#)" (Direktiv pou Biznis yo sou Egzekisyon Key to NYC)

ak "[Guidance for Customers and Employees on Equitable Implementation of Key to NYC](#)" (Direktiv pou Kliyan ak Anplwaye yo sou Egzekisyon Ekitab Key to NYC). Pou enfòmasyon anplis sou Key to NYC, vizite "[Frequently Asked Questions – Key to NYC: Requiring COVID-19 Vaccination for Indoor Entertainment, Recreation, Dining and Fitness Settings](#)" (Kesyon Moun Poze Souvan yo – Key to NYC: Obligasyon pou Vaksinasyon kont COVID-19 pou Etablisman Amizman, Lwazi, Restoran ak Sant Kondisyonman Fizik ki nan Espas Andedan yo).

Kijan mwen ap aprann ke genyen yon ka COVID-19 yo konfime nan kolèj oswa inivèsite mwen an?

Kolèj ak inivèsite ki gen pwogram tès yo gendwa se premye kote ki konnen lè yon etidyan, pwofesè oswa yon moun nan pèsònèl la konfime avèk COVID-19. Manm kominote ou a ta dwe ankouraje pou rapòte rezilta tès COVID-19 yo bay otorite lekòl yo. Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York (Depatman Sante NYC) pral kontakte kolèj ak inivèsite yo lè yo detekte fwaye ka yo.

Kisa mwen ta dwe fè lè mwen aprann ke yon etidyan oswa yon manm nan pèsònèl kolèj oswa inivèsite mwen an genyen COVID-19?

Si yon moun nan kolèj oswa inivèsite ou a genyen COVID-19 (tès dyagnostik pozitif), fè sa ki annapre yo:

- Konfime ke moun lan (yo) gen tès dyagnostik pozitif pou viris la (yon tès molekilè tankou yon PCR oswa yon tès antijèn) epi se **pa** yon tès pou antikò (konsilte [Tès COVID-19: Kesyon Moun Poze Souvan](#) pou plis enfòmasyon).
 - Asire yo konprann fason pou yo izole tèt yo an tout sekirite lakay yo ak lè yo gendwa retounen travay oswa lekòl, (konsilte [Kisa ou dwe fè si ou gen COVID-19 ak COVID-19: Konprann Karantèn ak Izòlman](#)). Asiste etidyan ki abite nan kanpis la avèk izòlman, jan sa dekri [anba la a](#). Moun lan bezwen izole tèt li si li teste pozitif pou COVID-19, menm si li genyen oswa li pa genyen sentòm yo, menm si li vaksinen konplètman. Nou rekòmande tou pou ou bay enfòmasyon sou fason pou moun jwenn aksè nan resous yo ak fason pou moun resevwa konje peye, si yo elijib (konsilte [Anèks: Resous](#)).
- Detèmine si wi oswa non moun lan te patisipe oswa te travay nan lekòl la pandan [peryòd enfektye](#) li a sa ki pwobableman te ekspozè lòt moun ak COVID-19.
- Si li te ale lekòl pandan periyòd enfektye li a, idantifye chak moun ki te yon [kontak pwòch](#) moun ki gen COVID-19 la pandan periyòd enfektye a.
- Ekskli tout kontak pwòch yo nan lekòl la (sòf si yo reponn ak yon eksepsyon pou karantèn, jan sa dekri [anba la a](#)) epi enfòmasyon yo ke yo dwe rete lakay yo epi [separe yo de lòt moun yo](#) (gen ladan manm fanmi yo) pandan 10 jou apati dat dènye ekspozisyon yo a. Yo dwe kontinye siveye tèt yo oswa lòt sentòm COVID-19 yo pandan kat jou apre karantèn lan te fini. Si genyen sentòm, yo ta dwe izole tèt yo, kontakte pwofesyonèl swen sante yo epi fè tès pou COVID-19. Pou enfòmasyon anplis sou karantèn, gen ladan fason pou ou separe tèt ou an tout sekirite ak lòt moun, konsilte [COVID-19: Konprann Karantèn ak Izòlman](#).
- Soumèt enfòmasyon sou ka a ak kontak pwòch yo dekwa pou yo ka enskri yo nan pwogram NYC Test & Trace Corps la lè ou ranpli [fòmilè pou rapòte Ekspozisyon ak](#)

[COVID-19 nan Etablisman yo](#). Ou gendwa kontakte ekip pou Etablisman yo nan Depatman Sante a lè ou voye yon imèl bay facilities@health.nyc.gov, oswa rele 866-692-3641, si ou genyen difikilte pou ou ranpli fòmilè a.

- Rapòte nouvo ka COVID-19 la bay Depatman Sante NYC a lè ou rele nan 866-692-3641. Si Depatman Sante NYC a deside ke swivi anplis nesèsè, yo pral kontakte ou pou enstriksyon.
- Konsilte [Anèks: Idantifye Kontak Pwòch yo epi Soumèt Enfòmasyon bay NYC Test & Trace Corps pou plis enfòmasyon](#).

Kisa yon kontak pwòch ye?

Yon kontak pwòch se yon moun ki te nan yon distans 6 pye pandan 10 minit oswa plis pandan yon peryòd 24 èdtan ak yon moun ki genyen COVID-19 pandan peryòd enfektye li a, menm si li te itilize mask pou figi oswa te genyen prezans pleksiglas oswa lòt baryè yo. Nan pifò ka yo, tout moun ki ap viv avèk yon moun ki genyen COVID-19 se kontak pwòch. Si inivèsite oswa kolèj ou a te etabli pwòp pwogram tès oswa trasaj kontak pa li, ou dwe toujou ede Depatman Sante NYC ak NYC Test & Trace Corps la nan efò pou retrase kontak yo a.

Anplis de sa, yo gendwa konsidere lòt moun kòm kontak pwòch nan kèk sitiyasyon, gen ladan:

- Lè yo pa kapab siveye oswa kenbe distans fizik konstaman (tankou nan yon otobis lekòl ak pandan aktivite espòtif oswa rekreyatif).
- Lè moun ap patisipe nan aktivite ki egzije yo libere plis lè, tankou gwo egzèsis, chante oswa jwe enstriman a van oswa enstriman an kuiv nan espas ki fèmen.

Kisa peryòd enfektye yon moun ki gen COVID-19 ye?

Peryòd enfektye a se lè yon moun ki genyen COVID-19 gendwa pwobableman pwopaje li la bay lòt moun (oswa lè yo kontajye).

- **Dat kòmansman** peryòd enfektye a se de (2) jou avan moun lan te genyen premye sentòm yo oswa de (2) jou avan dat tès pou COVID-19 li a si li pa janm genyen sentòm yo.
- **Dat finisman** peryòd enfektye a se 10 jou apre moun lan te genyen premye sentòm yo oswa 10 jou apre dat tès pou COVID-19 li a si li pa janm genyen sentòm yo.

Dat tès la se lè tès la te fèt la, se pa lè yo te rapòte rezilta tès la bay pwofesyonèl swen an oswa pasyan an.

Kisa diferans ant izòlman ak kanrantrn ye?

Yon moun ki nan izòlman oswa karantèn ta dwe rete lakay li epi li pa ta dwe soti sòf pou li ale chèche swen medikal esansyèl (gen ladan [tès pou COVID-19](#)) oswa pou bezwen esansyèl yo, tankou achte manje, si pa gen okenn lòt fason pou li fè sa. Otreman, yo pa ta dwe kite lakay yo, gen ladan ale lekòl oswa nan aktivite lekòl.

Yon moun dwe izole tèt li si li teste pozitif pou COVID-19, menm si li genyen oswa li pa genyen sentòm yo, menm si li vaksinen konplètman. Yon moun dwe fè karantèn si li te nan kontak pwòch ak yon moun ki genyen COVID-19 epi li pa vaksinen konplètman kont COVID-19. Li dwe [separe tèt yo de lòt moun yo](#) pandan 10 jou apati dat dènye ekspozisyon li a. Li dwe kontinye

siveye tèt li oswa lòt sentòm COVID-19 yo pandan kat jou apre karantèn lan te fini. Si genyen sentòm, li ta dwe izole tèt li, swiv pwotokòl lekòl la pou kontakte pwofesyonèl swen sante yo epi fè tès pou COVID-19. Moun ki vaksinen konplètman kont COVID-19 yo oswa ki te genyen COVID-19 ki konfime nan laboratwa nan 3 dènye mwa yo epi ki te geri pa bezwen fè karantèn.

Konsilte anba la a pou plis enfòmasyon sou dire izòlman ak karantèn lan. Pou pplis enfòmasyon, konsilte [COVID-19: Konprann Karantèn ak Izòlman](#).

Èske gen okenn eksepsyon pou karantèn?

Moun ki annapre yo pa bezwen fè karantèn, depi yo pa gen okenn sentòm COVID-19 yo:

- Nenpòt moun ki vaksinen konplètman kont COVID-19. Vaksinen konplètman vle di sa te fè omwen de (2) semèn apre yo te resevwa dezyèm dòz yo a nan yon vaksen ki mande pou moun pran de (2) dòz (tankou vaksen Pfizer-BioNTech oswa vaksen Moderna) oswa de (2) semèn apre yo te resevwa yon vaksen ki mande pou moun pran yon sèl dòz (tankou vaksen Johnson & Johnson/Janssen lan). Moun ki te konplete seri vaksinasyon kont COVID-19 yo avèk yon vaksen ke Òganizasyon Mondyal Lasante (World Health Organization, WHO) te otorize ladan tou.
- Nenpòt moun ki te genyen COVID-19 ke yon laboratwa te konfime nan twa mwa pase yo epi ki te geri. Yo mezire twa (3) mwa sa a apati dat yon moun te premye gen sentòm COVID-19 la yo oswa, si yo pa gen sentòm yo, apati dat yo te premye teste pozitif la.

Kijan kolèj oswa inivèsite mwen an dwe bay izòlman oswa karantèn pou etidyan ak pèsònèl la?

Yo ta dwe bay etidyan ki ap viv nan lojman pataje yo ki dwe izole tèt yo oswa fè karantèn yon chanm prive, yo dwe fè moun livre manje ba yo epi fè moun pran fatra yo. Si sa nesèsè, lekòl yo gendwa loje ka pozitif ki konfime yo ansanm (chanm ak talèt pataje) men etidyan ki gen sentòm yo ki se pa ka ki konfime yo ta dwe izole tèt yo separeman. Yo gendwa **pa** fè etidyan ki nan karantèn yo fè karantèn avèk lòt moun men yo gendwa pataje yon twalèt avèk bonjan pratik netwayaj ak dezenfeksyon. Etidyan yo gendwa retounen lakay si yo kapab izole tèt yo an tout sekirite oswa fè karantèn lakay.

Kolèj ak inivèsite ki ap bay etablisman pou izòlman oswa karantèn pou etidyan oswa pèsònèl la ta dwe bay sipò, tankou manje, medikaman, ak sèvis sante medikal ak mantal, ak aksè nan teknoloji ak lòt resous ki rann posib patisipasyon nan kou akademik yo, devwa ak aktivite a distans nan mezi sa posib. Sa pral ede sila yo ki nan izòlman oswa ki nan karantèn yo rete lakay ak redwi risk pwopagasyon COVID-19 nan lekòl ou a.

Èske kolèk oswa inivèsite mwen an itilize Pwogram NYC Take Care Hotel (Otèl Take Care) pou bay izòlman ak karantèn pou etidyan ak pèsònèl la?

Kolèj ak inivèsite yo ta dwe fè aranjman pou karantèn pou etidyan ki ap retounen soti nan lòt Eta yo. Pou asistans avèk chanm otèl gratis pou moun ki bezwen fè karantèn oswa izole tèt yo, vizite nyhealthandhospitals.org/test-and-trace/take-care oswa rele 212-268-4319.

Kilè yon manm nan pèsònèl la oswa etidyan kapab retounen lekòl/nan kanpis la si li gen COVID-19?

Nenpòt moun yo konfime ki genyen COVID-19 dwe rete lakay (izole) jiskaske sa ki annapre yo vrè:

- Omwen 10 jou te pase apre sentòm moun lan te kòmanse
- Li pa te genyen lafyèv pandan 24 èdtan ki pase yo san li pa te itilize medikaman pou redwi lafyèv yo
- Sante jeneral li te amelyore

Si yon moun pa te janm genyen sentòm yo, li ta dwe rete lakay pandan 10 jou apati dat li te fè tès la.

Kilè yon manm nan pèsònèl la kapab retounen lekòl/nan kanpis la si li te genyen sentòm COVID-19 yo?

Nenpòt moun ki gen sentòm COVID-19 yo, gen ladan lafyèv 100.0 degre Fahrenheit oswa pifò, touse, paka pran gou oswa pran sant, oswa souf kout ki te kòmanse nan 10 jou pase yo, pa kapab ale lekòl **sòf si**:

- Yo teste negatif pou COVID-19 nan yon tès dyagnostik molekilè, **epi** li pa te genyen lafyèv pandan 24 èdtan pase yo san li pa te itilize medikaman pou redwi lafyèv yo
 - Tès dyagnostik negatif la dwe yon tès molekilè (tankou yon tès reyaksyon chèn polimeraz [PCR]). Yon tès dyagnostik antijèn oswa tès antikò pa akseptab pou objektif sa a. Moun ta dwe mande pwofesyonèl swen yo avan yo fè tès pou asire ke yo ap fè tès ki kòrèk la. Lè yon moun ap chèche retounen lekòl oswa travay apre li te genyen sentòm yo men avan peryòd izòlman li a fini, ou ta dwe verifye rezilta tès negatif li a apati yon tès dyagnostik molekilè (PCR).
- **Oswa** sa te fè omwen 10 jou depi sentòm li yo te kòmanse **epi** li pa te genyen lafyèv pandan 24 èdtan ki pase yo san li pa te itilize medikaman pou redwi lafyèv yo **epi** maladi jeneral li a te amelyore

Pou moun ki genyen sentòm ki kòmanse mwens pase twa jou apre li te resevwa yon vaksen kont COVID-19:

- Si sentòm yo **sèlman** se fatig, maltèt, frison, oswa doulè nan misk oswa doulè atikilasyon, moun yo gendwa retounen travay si sentòm yo rezoud nan yon peryòd de (2) jou. Si sentòm yo pèsiste plis pase peryòd tan sa a, jere li kòm yon potansyèl enfeksyon COVID-19 (ekskli yo nan lekòl oswa nan travay la).
- Si sentòm yo gen ladan tous, souf kout, nen ki ap koule, malgòj, paka pran gou oswa pran sant, lafyèv, kè plen, vomisman oswa dyare, jere li kòm yon potansyèl enfeksyon COVID-19 (ekskli yo nan lekòl oswa nan travay la).

Si ou gen kesyon sou yon sitiyasyon espesifik ke direktiv la pa trete nan seksyon sa a, rele Depatman Sante NYC a nan 866-692-3641 pou ou pale avèk yon epidemyolojis, disponib lendi rive vandredi, soti 9 AM rive 5 PM.

Yo te idantifye yon moun nan lekòl mwen an kòm yon kontak pwòch avèk yon ki genyen COVID-19. Èske li kapab retounen lekòl oswa nan travay avan finisman peryòd karantèn li an si li teste negatif pou COVID-19?

Non. Moun lan dwe rete lakay pandan 10 jou. Apre peryòd karantèn pandan 10 jou a fini, epi patikilyèman pandan premye kat jou apre li fini an, moun yo ta dwe kontinye siveye tèt yo pou sentòm yo epi swiv yon fason trè estrik prekosyon pou COVID-19 yo, tankou pote yon mask pou figi, ak pratike distans fizik ak ijyèn men pwòp, paske yon moun rete arisk pou li devlope COVID-19 jiska 14 jou apre li te ekspoze ak viris la.

Si yon moun genyen sentòm COVID-19 yo men li pa ko genyen yon tès (oswa yo pa konnen rezilta tès la), èske yo bezwen idantifye kontak pwòch moun sa a epi mande yo pou yo fè karantèn?

Karantèn pou kontak pwòch yo deklanche ak yon konfimasyon laboratwa (yon rezilta tès dyagnostik COVID-19 pozitif) ke moun yo te an kontak pwòch avèk li a genyen COVID-19. Si genyen yon gwo dout pou COVID-19 sou baz oswa sentòm oswa yon lyen ak yon ka konfime, donk karantèn pou kontak pwòch la annatandan rezilta laboratwa yo gendwa jistifye. Ou kapab kontakte Depatman Sante NYC a nan 866-692-3641 pou yon konsiltasyon avèk yon epidemyolojis, paske sa egzijè yon evalyasyon ka pa ka. Konsiltasyon disponib lendi rive vandredi, 9 AM rive 5 PM.

Èske kontak yon moun ki nan karantèn bezwen fè karantèn tou?

Kontak yon moun ki nan karantèn pa bezwen rete lakay sòf si moun ki nan karantèn lan teste pozitif pou COVID-19. (Kontak pwòch ki devlope sentòm yo ta dwe chèche swen epi fè tès pou COVID-19.)

Si yon moun te pran vaksen kont COVID-19, èske li toujou bezwen fè karantèn si yo idantifye li kòm yon kontak?

Non. Moun ki konplèman vaksinen pa bezwen fè karantèn apre yon ekspozisyon. Sepandan, si li devlope sentòm COVID-19 yo, li dwe rete lakay (izole) epi li ta dwe fè tès.

Èske moun bezwen fè karantèn epi èske yo bezwen ekskli yo nan lekòl oswa nan travay apre yo te vwayaje?

Nan Eta New York, karantèn pa obligatwa apre yon vwayaj domestik oswa entènasyonal. Sepandan, yo rekòmande pou moun swiv direktiv CDC yo, ki gen ladan yo rekòmandasyon pou moun ki pa vaksinen pou yo fè karantèn apre yo vwayaje.

Èske yon etidyan oswa yon manm nan pèsònèl la ki te teste pozitif pou COVID-19 kapab ale lekòl oswa nan travay pandan li ap tann rezilta tès li a?

Si yon manm pèsònèl te genyen sentòm COVID-19 yo pandan 10 jou ki pase yo, li dwe rete lakay pandan li ap tann rezilta tès yo. Li kapab retounen lekòl oswa nan travay sèlman lè kritè yo dekri anwo yo satisfè.

Si yon manm nan pèsònèl la pa te genyen sentòm COVID-19 yo epi li pa te ekspoze resaman ak yon moun ki genyen COVID-19, li gendwa ale lekòl oswa travay pandan li ap tann rezilta tès li a.

Èske mwen kapab pataje enfòmasyon sou moun ki gen COVID-19 la avèk lòt manm pèsònèl la?

Non. Ou pa ta dwe revele idantite moun ki gen COVID-19 la (sòf bay pèsònèl Depatman Sante NYC a ki ap ede nan ankèt la) oswa pataje enfòmasyon sou moun lan ki kapab idantifye li, gen ladan klas li oswa kote li te ap travay oswa nenpòt enfòmasyon sou sentòm li gendwa te genyen yo. Enfòmasyon sa a se enfòmasyon sante ki konfidansyèl. Kenbe konfidansyalite pral ede ankouraje lòt moun yo revele lè yo te genyen COVID-19.

Èske mwen bezwen okenn netwayaj oswa dezenfeksyon espesyal nan zòn moun ki genyen COVID-19 yo te itilize yo?

Fèmen zòn moun yo konfime ki gen COVID-19 ki te nan lekòl la te itilize pandan peryòd enfektye yo a. Konsilte direktiv Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a nan [Netwaye ak Dezenfekte Etablisman ou an](#).

E si yon moun nan lekòl mwen an te genyen yon tès antikò pou COVID-19?

Yo **pa** ta dwe itilize yon tès antikò pozitif oswa negatif pou pran okenn desizyon sou si wi oswa non yon moun kapab ale travay oswa ale lekòl. Yo pa kapab itilize tès antikò pou COVID-19 yo pou detekte si wi oswa non yon moun malad aktyèlman oswa si wi oswa non yon moun gen iminite kont viris la.

Anèks: Idantifye Kontak Pwòch yo epi Soumèt Enfòmasyon bay NYC Test & Trace Corps

Lis kontwòl:

- Konfime ka a te sou plas pandan peryòd enfektye li a.
- Idantifye moun ki te genyen kontak pwòch avèk ka a pandan peryòd enfektye li a (konsilte egzanp ki anba la a).
- Avèti kontak pwòch yo ki dwe fè karantèn.
- Soumèt enfòmasyon sou enfòmasyon pou kontak pwòch yo bay Depatman Sante NYC a.

Egzanp:

Yon etidyan te vini nan klas nan dat 20 avril. Li te premye eksperimente sentòm yo nan dat 21 avril. Sa vle di, kòmansman peryòd enfektye li a se **19 avril** (de [2] jou avan sentòm li yo te kòmansé) epi fen peryòd enfektye li a se **premye me** (10 jou apre sentòm li yo te kòmansé).

19 avril	20 avril	21 avril	22 avril	23 avril	24 avril	25 avril	26 avril	27 avril	28 avril	29 avril	30 avril	1ye me
Kòmansman peryòd enfektye a	Etidyan an te vini nan klas	Etidyan an te premye genyen sentòm yo										Finisman peryòd enfektye a

Etidyan an te a te rapòte ke de (2) etidyan te vini nan chanm li a nan dat 20 avril la pandan 15 minit pou diskite yon plan pwojè. Yo tout te pote yon mask pou figi men yo te sèlman nan twa pye distans.

Ou ta dwe konplete kounye a dènye pati yo nan lis kontwòl la.

- Avèti kontak pwòch yo sou ekspozisyon yo a **san** diskite sou idantite moun ki genyen COVID-19 la oswa lòt kontak ke yo idantifye.
 - Kontak pwòch yo ki tonbe nan youn nan kategori eksepsyon pou karantèn yo (moun ki te konplètman vaksinen oswa ki te genyen COVID-19 nan dènye twa mwa yo, jan sa dekri [seksyon FAQ ki anwo a](#)) pa bezwen fè karantèn epi yo kapab vini lekòl.
- Enfòmè kontak pwòch yo ki pa tonbe nan youn nan kategori eksepsyon yo ke yo bezwen fè karantèn pandan 10 jou apre dat yo te dènye gen kontak avèk moun ki genyen COVID-19 la. Konsilte [senaryo modèl](#) ki anba la a pou enfòmasyon ou ta dwe bay lè ou ap kominike avèk kontak pwòch yo.
- Soumèt yon lis kontak pwòch yo bay [NYC Test and Trace Corps](#) lè ou itilize [fòmilè sou Ekspozisyon ak COVID-19 nan Etablisman yo](#).
 - Lis kontak pou etidyan ki genyen COVID-19 la ta dwe gen ladan non ak prenon etidyan an, nimewo telefòn, ak dat dènye kontak avèk moun lan. Dat nesans ak adrès yo gendwa itil men li pa nesèsè pou ou ajoute yo.
 - Tanpri ajoute tout kontak pwòch yo, gen ladan sila yo ki vaksinen konplètman

- oswa ki te genyen COVID-19 nan 90 jou pase yo epi ki te geri.
- Si ou genyen difikilte pou ou soumèt lis kontak la lè ou itilize fòmilè sou Ekspozisyon ak COVID-19 nan Etablisman yo, kontakte ekip pou Etablisman yo nan Depatman Sante a nan facilities@health.nyc.gov, oswa rele 866-692-3641.

Senaryo modèl:

Anba la a genyen egzanp langaj ou kapab itilize pou avèti kontak pwòch yo sou potansyèl ekspozisyon yo ak yon ka COVID-19 konfime.

"Nou ap kontakte ou pou avèti ou ke ou gendwa te ekspoze ak yon moun ki genyen COVID-19 nan [AJOUTE DAT]. Dapre Depatman Sante NYC a, ou ta dwe konplete 10 jou karantèn apati dat ou gendwa te ekspoze a. Karantèn gen ladan rete lakay ou epi separe ou ak lòt moun ki nan kay ou, sòf si ou bezwen chèche swen medikal.

Ou ta dwe siveye tou tèt ou pou sentòm COVID-19 yo pandan 14 jou apre dat ou gendwa te ekspoze a, gen ladan pran tanperati ou omwen yon fwa pa jou epi fè tès si ou devlope sentòm yo. Sentòm COVID-19 yo gen ladan lafyèv, tous, difikilte pou respire ak paka pran gou oswa pran sant. Pou yon lis sentòm yo, vizite nyc.gov/health/coronavirus epi ale sou paj wèb "Symptoms and Care" (Sentòm ak Swen) an. Ou gendwa fè tès menm si ou pa genyen sentòm yo. Pou jwenn yon sit tès pou COVID-19, vizite nyc.gov/covidtest. Anpil sit ofri tès san peye.

Si ou bezwen yon otèl dekwa pou ou kapab separe ou ak lòt manm fanmi ou epi jwenn sipò pandan karantèn lan, ale sou nychealthandhospitals.org/test-and-trace/take-care/. Ou kapab rele tou 212-268-4319 pou resevwa èd sou fason pou ou gen aksè ak resous yo, gen ladan akomodasyon pou otèl gratis pandan ou ap fè karantèn oswa izole tèt ou, resous pou manje, ak konje maladi peye pou tèt ou oswa pran swen yon timoun ki bezwen izole tèt li oswa fè karantèn.

Resous yo

Nou rekòmande ou pataje resous ki anba la a avèk etidyan yo, pa imèl oswa otreman:

- [Sa Moun New York yo Dwe Konnen Kounye a Sou COVID-19](#)
- [Tès COVID-19: Kesyon Moun Poze Souvan yo](#)
- [COVID-19: Konprann Karantèn ak Izòlman](#)
- [Kisa Ou Dwe Fè Si Ou Gen COVID-19](#)
- [Gid Resous sou COVID-19 pou Vil New York \(NYC\)](#)

Pou enfòmasyon sou COVID-19, vizite nyc.gov/health/coronavirus. Si ou genyen kesyon, rele **311.**"

Depatman Sante NYC a gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye. 8.30.21